

Enfòmasyon Grafik sou Sèvo Tibebe Ki Fenk Fèt



SWEN PEDIYATRI • SIPÒ • GID POU PARAN
Yon pwogram ZERO TO THREE

Espesyalis HealthySteps (Espesyalis HS) yo jwe yon wòl enpòtan nan sipòte paran tibebe ki fenk fèt yo. Anplis pou mande paran yo kijan yap adapte yo ak kijan yap fè fas ak lefèt ke yo paran byen bonè a, mank somèy, elatriye, mande yo kisa yo aprann de tibebe yo a jiskaprezan. Lè w kòmanse pale ak yo de tibebe yo a, ou ka pataje enfòmasyon avèk yo epi ofri yo sipò.

Enfòmasyon Grafik sou Sèvo Tibebe nou an (adwat) bay yon apèsi sou bagay esansyèl paran yo dwe konnen osijè tibebe yo. Gid sa a ak enfòmasyon grafik la fèt pou li sèvi kòm dokiman Aprantisaj Prekòs pou tibebe ki fenk fèt la ak pou premye vizit yo, epi pou li konplete lòt resous: *Kontwòl Rapid Yo* (pou ou) ak *Sa Kap Pase ak Tibebe W La* (pou paran yo). Men *8 Bagay Tibebe W Ki Fenk Fèt la Vle Pou W Konnen*, ansanm ak pwen espesifik ki bay enfòmasyon adisyonèl, ki anrichisan pou paran yo sou sijè sa yo:

1. Tout eksperyans mwen yo chanje "fondasyon" sèvo mwen epi yo ka ede oswa deranje kwasans li.

- Sèvo tibebe devlope apati baz la, e menm jan ak yon kay, yo bezwen yon baz ki solid. Fondasyon sa a konstwi apati entèraksyon ant adilt kap bay swen yo, lòt timoun ak yon tibebe. Tout lòt konpetans yo devlope sou fondasyon sa a: byennèt emosyonèl (fason yo santi yo nan yomenm), relasyon entèpèsyonèl (fason yo antann yo ak lòt moun), teknik rezolisyon pwoblèm (tankou ekout, atansyon, ak rechèch solisyon) epi kapasite koyitif yo itilize pou yo reflechi, rezon ak sonje.

2. Li pran m 4 a 8 semèn pou m aprann souri. Se pa ke mwen pa kontan, mwen jis poko ka kontwole misk vizaj mwen yo. Men ret tann, souri mwen pral bèl anpil!

- Souri tibebe ki fenk fèt yo se reflèks yo ye toudabò, olye ke yo se reyaksyon sosyal. Tibebe ki fenk fèt yo pa ankòlè ni yo pap twaze w—yo sèlman poko devlope kontwòl misk yo, sa gen ladan misk vizaj yo. Li enpòtan paske nouvo paran yo gendwa mal konprann sa e yo ka pè ke tibebe yo a pa renmen yo. Tout ti enfòmasyon ka bay gwo soulajman. E si paran yo di ke tibebe ki fenk fèt yo a te souri, jis dakò—pa gen okenn rezon pou kontrarye yo.

Ou Ka Ede Sèvo M Devlope depi Premye Jou a!

8 Bagay Tibebe Ki Fenk Fèt Ou a Vle pou W Konnen



3. Mwen renmen lè nou chak nou tann tou pa nou pou "pale" youn apre lòt, tankou nan yon jwèt atap. Mwen ka kanpe pou pran yon ti poz, men map tounen.

- Lè tibebe yo gazouye, gendwa se yon konvèsasyon ki kòmanse. Di paran yo ke yo ka gade tibebe yo a, souri ba li epi reponn li. Okòmansman sa ka parèt ridikil men yo ka suiv egzanp tibebe a, gazouye menm jan. Papa ak manman ka apresye konnen ke gen anpil chans ke tibebe yo a rekonèt vwa yo depi lè li fèt la.
- Bagay tibebe yo ekspozè ak yo a enpòtan anpil. Di paran yo ke lè yo pale ak tibebe yo a se meyè fason pou yo ankouraje devlopman sèvo l. Devlopman sèvo Paran yo dwe konnen ke kominikasyon an dwe fèt nan toulede sans yo—ke tibebe yo aprann apati repons yo ba yo. Anseye paran yo pou yo suiv siyal tibebe a epi pou yo ale nan rit yo—chak tibebe diferan.

4. Pa enkyete w—ou pa ka gate m! Mwen poko ka kalme m poukont mwen. Men lè w rekonfòte m kounye a li aprann mwen kijan pou mwen kalme m poukont mwen.

- Gen yon pawòl ki di ke lè w pran yon tibebe kap kriye wap gate l. Mande paran yo pou yo pataje kisa yo te tande sou pawòl sa.
- Anpil paran panse ke kriye bon pou poumòm yon tibebe. Mande yo si yo ta renmen tande pale sou rechèch ki fèt yo ki di yon lòt bagay. Di paran ke kontrèman ak lòt bèt, tibebe imen yo fèt konplètman depandan ak san defans. Pa egzanzp, lè pitit yon vach fèt li ka mache nan lespas dezèdtan. Tibebe imen yo pran jiska 12 mwa pou yo fè premye pa yo.
- Tibebe bezwen rekonfò fizik, menm jan yo bezwen pou ba yo manje ak pou netwaye yo. Lè w pran epi w kenbe yon tibebe lè lap kriye, ou reponn ak bezwen pwoteksyon ak sekirite ke li bezwen. Reyaksyon sa a dwe kòmanse depi nan nesans li. Tibebe ki pa jwenn reyaksyon sa yo regilyèman ka vin kolan, twò depandan, pa santi l an sekirite, pa endepandan toutbon, paske yo aprann ke yo pa ka konte sou pèsòn pou reponn ak bezwen yo. Byennantandi, se pa tout tibebe ki renmen lè yo kenbe yo tout tan. Ankouraje paran yo pou yo li ak suiv siyal tibebe yo a.
- Lè paran yo toujou reponn ak bezwen tibebe a, tibebe yo aprann ke moun kap ba yo swen an fyab e ke moun sa ap pwoteje yo. Konsistans sa a devlope konfyans, sekirite ak endepandans. Tibebe yo byen okipe yo epi ki jwenn reyaksyon ki apwopriye yo ap aprann kalme tèt yo pandan yap devlope konpetans yo bezwen yo oframezi pou yo kontwole pwòp emosyon yo.

5. Mwen aprann lè mwen ak moun, pa lè map gade ekran. Tanpri etenn televizyon an epi dèfw mete telefòn ou sou kote.

- Paran yo dwe konnen ke gade televizyon oswa videyo pa rekòmande pou tibebe ki poko gen laj de (2) lane. Ekran pa reponn ak reyaksyon tibebe a (menm *Dora the Explorer* oswa *My Baby Can Read*) epitou li pa yon bon bebisitè. Menm si tibebe yo ap fikse televizyon an epi yo sanble yo absòbe konplètman ladan, sa pa vle di yap aprann. Epitou, si yon televizyon limen, li gen plis chans pou li distrè lòt timoun ak adilt ki nan pyès la, ki te gendwa ap pale ak jwe avèk tibebe a si televizyon an pat limen. Li preferab pou jwe mizik si w bezwen yon bri defon. Si gen timoun ki pi gran nan kay la epi tibebe a gade televizyon oswa videyo yo a, avèti paran pou yo pale avèk tibebe yo sou sa kap pase nan ekran an. Tcheke resous Screen Sense ZERO TO THREE yo.

- Majorite tibebe yo pi renmen gade vizaj manman yo (vizaj papa yo oswa vizaj lòt fanmi se dezyèm vizaj yo prefere gade). Aktivite sa a gendwa fatige tibebe yo e sa mande pou yo pran yon poz ak sa ki estimile yo a. Yo gendwa vire tèt yo, baye oswa gen òkèt pou yo fè konnen ke yo bezwen yon poz. Rasire paran yo ke sa nòmal pou yo yo pa pran sa mal oswa pou yo pa ensiste pou tibebe a gade yo.

6. Li difisil pou kalme m si ou estrese. Si w fache, tanpri depoze m epi pran yon ti repo.

- Li ka fatigan, fristran, vrèman agasan pou kalme yon tibebe ki akaryat. Pandan wap ankouraje paran yo pou yo okipe tibebe yo a kap kriye a, li enpòtan pou jwenn yon ekilib ant sa ak bezwen paran yo tou. Nòmalize santiman sa yo lè w ankouraje paran yo pou yo chèche èd nan men patnè yo, fanmi oswa zanmi yo. Mande yo pou yo idantifye ki moun ki ka ede yo, ak pou yo wè lè yo mande èd la se yon fòs, men pa yon feblès. Avèti paran yo pou yo pa janm sekwe yon tibebe, pou yo mete tibebe a kouche nan yon espas ki san danje (tankou yon bèso oswa yon pak) ak pou yo pran yon poz si yo poukont yo epi yo fatige.
- Piga sipoze ke wap konnen si yon paran gen pwoblèm imè oswa sante mantal—mande yo sa dirèkteman epi fè evalyasyon regilyèman. Verifye avèk manman ak papa yo konsènan imè yo ak sistèm sipò yo. Nòmalize chanjman imè yo, epwizman, ak anksyete ki genyen okòmansman nan pran swen tibebe ki fenk fèt yo, men tou, asire w ke tout paran konnen sentòm Twoub Imè Perinatal ak Anksyete yo:
 - a. Santiman depresyon ak/oswa anksyete dirab
 - b. Swisid oswa ide vyolans
 - c. Sentòm ki gen entèfere ak fonksyonman kotidyen yo apre premye mwa a oswa apre

7. Kòlè, vyolans, ak twòp estrès pa bon pou mwen. Menmsi mwen se yon tibebe, eksperyans sa yo pral chanje m.

- Etandone sèvo tibebe a devlope byen vit nan kèlke premye ane lavi l yo, epi peryòd tan sa a kreye fondasyon pou devlopman sèvo a pi devan, yo patikilyèman vilnerab lè yo ekspoze ak kòlè, laperèz ak agresyon. Twomatis sa a ka gen enpak negatif sou sansiblite yo ak devlopman sèvo yo e li ka afekte sante yo ak konpòtman yo pandan lavi yo.



8. Mwen absòbe tout bagay lè w gade m, lè w souri avè m oswa lè w rele sou mwen. Sèvo mwen pa janm sispann travay, menm lè map dòmi oswa lè sa sanble mwen pap prete atansyon.

- Ankouraje paran yo pou yo vin naratè oswa kwonikè espòtif. Di yo li OKE si yo pa konnen kisa pou yo di; yo ka jis dekri sa kap pase devan yo (tankou yon prezantatè espòtif nan radyo a). Pa egzanp, "Ou renmen beny ou a, ann pran debabouyèt tyèd la epi ann lage dlo sou zepòl ou yo. Ou pa wè li fè w santi w byen?"
- Fè paran yo konnen ke rechèch montre ke diskisyon ki genyen nan kay ka gen enpak sou tibebe a e sa rive menm si yap dòmi pandan gen kont lan.

Rankontre avèk paran tibebe ki fenk fèt se yon opòtinite anrichisan pou Espesyalis HS yo. Anpil paran touche ak depase akòz nesans yon tibebe e yo ka menm plis dakò pou yo jwenn sipò ak avi pandan peryòd vilnerabilite sa a. Nan premye vizit sa yo, ou ka pwopoze yon lòt pwosesis paralèl pandan wap bay paran yo asirans ak enfòmasyon yo bezwen pou yo rapwoche de tibebe yo a. Rapò sa a etabli baz la pou yon relasyon ki solid ak respektye ant paran yo ak timoun nan.